

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu hasil panalungtikan téh mangrupa gambaran ngeunaan frasa diréktif anu aya dina novél *Buron* karya Aam Amilia. Hasil panalungtikan frasa diréktif bisa dicindekkeun kieu.

- a. Data frasa diréktif anu aya dina novél *Buron* karya Aam Amilia kapanggih aya 1854 frasa, anu dianalisis tina jihat sumbu, adegan, wanda, tatali harti jeung bahan pangajaran.
- b. Ditilik tina (sumbu) aksisna, frasa diréktif tina novél *Buron* mibanda 10 pola, nyaéta:
 - (1) Pola 1 : FD → KPang + KBs,
 - (2) Pola 2 : FD → KPang + KBrn,
 - (3) Pola 3 : FD → KPang + KBrj,
 - (4) Pola 4 : FD → KPang + KBk,
 - (5) Pola 5 : FD → KPang + KBw,
 - (6) Pola 6 : FD → KPang + FBat,
 - (7) Pola 7 : FD → KPang + FBkr,
 - (8) Pola 8 : FD → KPang + FBkn,
 - (9) Pola 9 : FD → KPang + FR, jeung
 - (10) Pola 10 : FD → KPang + KS
- c. Ditilik tina jihat sumbu (aksis) kapanggih 10 wanda rasa diréktif, nyaéta:
 - (1) frasa diréktif salancar aya 911(49,13%) frasa;
 - (2) frasa diréktif rundayan aya 188 (10,14%) frasa;
 - (3) frasa diréktif rajékan aya 28 (1,51%) frasa;

- (4) frasa diréktif kantétan aya 4(0,21%) frasa;
- (5) frasa diréktif wancahan aya 11(0,59%) frasa;
- (6) frasa diréktif atributif aya 664 (35,81%) frasa;
- (7) frasa diréktif koordinatif aya 2 (0,10%) frasa;
- (8) frasa diréktif konéktif aya 1(0,05%) frasa;
- (9) frasa diréktif rélatif aya 38 (2,04%) frasa; jeung
- (10) frasa diréktif sipat aya 7(0.37%) frasa.

d. Ditilik tina tatali diréktif jeung aksisna kapanggih aya 15 harti frasa diréktif, nyaéta nuduhkeun harti:

- (1) tempat aya 434 frasa (23,40%);
- (2) arah aya 490 frasa (26,42%);
- (3) awal aya 156 frasa (8,41%);
- (4) ahir aya 92 frasa (4,96%);
- (5) bahan aya 2 frasa (0,10%);
- (6) alat aya 70 frasa (3,77%);
- (7) panglaku aya 195 (10,51%),
- (8) pangrandap aya 129 frasa (6,95%);
- (9) sabab 110 frasa (5,93%);
- (10) tujuan aya 69 frasa (3,72%);
- (11) pangbarung aya 82 (4,42%);
- (12) babandingan aya 8 frasa (0,43%);
- (13) jumlah aya 8 frasa (0,43%),
- (14) pangiwal aya 5 frasa (0,26%), jeung
- (15) hal aya 4 frasa (0,21%).

e. Bahan pangajaran frasa diréktif bisa diajarkeun di kelas XI semester hiji, ku sabab bahan ajar frasa diréktif mah henteu langsung minangka kompetensi dasar, nya bahan ajar frasa diréktif téh diselapkeun dina pangajaran maca, dina lebah pangajaran maca novél. Pikeun ngungkulanana, indikator frasa diréktif diselapkeun kana indikator pangajaran maca.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan frasa diréktif dina novél *Buron*, tétéla yén pangajaran frasa diréktif téh bisa diajarkeun di sakola hususna SMA, sabab bisa méré pangaweruh ngeunaan frasa diréktif keur siswa. Salian ti bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban hasanah basa Sunda, ieu panalungtikan ogé bisa dimangpaatkeun pikeun dijadikeun buku anu medar husus ngeunaan frasa diréktif. Ieu panalungtikan frasa diréktif téh disawang tina unsur aksisna. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan nu leuwih jero deui ngeunaan frasa diréktif.

